

Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwari anoyedza rudo
rwaAbhurahama




Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2014 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana
usinganotengesi chete.






Umwe husiku, Mwari
akarayira Abhurahama.
Mwari akanga achiyedza
Abhurahama,
achida kuona aida
mwanakomana wake
kudarika Mwari here.



Akanzi, "Chitora mwanakomana
Isaka uende kunomupira
somupiro." Kupa Isaka
somupiro? Izvi
zvakanga zvakaomera
Abhurahama nokuti
akange aine rudo
rukuru nomwana wake.



Asi Abhurahama
akatenda Mwari, kunyange
akanga asinga nzwisisi.

Mangwanani, Abhurahama,
Isaka nemajaya ake maviri

vakaenda kugomo
romupiro.




Asati aenda, Abhurahama
akatsemura huni dzokugadzira
moto womupiro.

Abhurahama
akanga achida
kuteerera Mwari.



Mushure mokunge
mazuva matatu apfura,
vakasvika pedyo
negomo.






Abhurahama akataura
kumajaya ake akati, "Imi
chigarai henyu pano, ini nomwana
tichaenda kunonamata,
tigodzokera kwamuri."

Isaka akatakura
huni; Aburahama
akatakura
moto-nebanga.




Isaka akabvunza akati, "Ko hwayana yemupiro iripi?"
Abhurahama akapindura akati, "Mwari achatipa gwayana remupiro."




Vakasvika panzvimbo chaiyo yakanga yasarudzwa naMwari. Abhurahama akavaka aritari akagadzira huni dzokupisa mupiro pamberi paMwari. Abhurahama akanga avaka maaritari mazhinji asi iyi yakanga yakaoma kuvaka.






Abhurahama
akasunga
Isaka
akamuisa
paaritari pamusoro
pehuni. Zvokwadi,
Abhurahama
akanga achateerera
Mwari achipira Isaka
mwanakomana mumwe
chete waidisisa
zvakananyanya here?





Hongu! Abhurahama akasimudza banga achida kubaya mwana wake. Moyo wake wakarwadziwa asi akaziva kuti anofanira kuteerera Mwari.





Ipapo
ngirozi
yaMwari
yakati, "Mirai!
Nokuti
ndinoziva kuti
unotya Mwari,
hauna
kundinyima
mwanakomana
wako mumwe
chete."




Abhurahama akasimudza musoro
wake, akatarira ndokuona
hondohwe yakanga iri musango.
Zvichida Isaka akafunga
kuti, "Mwari vatipa
hwayana sezvakanga
zvataurwa
nababa."



Pavakanga vachinamata, mutumwa akataura
naAbhurahama akati, "Ndunzi dzose dzenyika
dzicharopafadwa muvana vako nokuti
vateerera inzwi rangu." Nerimwe
zuva Jesu akanga achazvarwa
mudzinza raAbhurahama.



Abhurahama naIsaka vakadzokera kumba. Nguva
shoma ichinge yapfura, kusuwa kwakauya. Sara
akanga afa. Abhurahama akanga arasikirwa
nomudzimai wake uye Isaka akanga arisikirwa
naamai wake.



Mushure mokunge
rufu rwapera,
Abhurahama akatuma
muranda wake aiva mukuru weimba
yake kunotsvagira Isaka mukadzi.



Muranda akaenda
kunyika yaAbhurahama
kunotsvaga mukadzi
pakati pehama
dzaAbhurahama.



Muranda akakumbira Mwari chiratidzo.
Akati, "Musikana achapa ngamera dzangu mvura
yokunwa ndiye chaiye waIsaka." Ipapo, Rabheka
akavika akapa ngamera mvura. Akanga ari hama
yaAbhurahama. Muranda akaziva kuti Mwari akanga
adavira munamoto wake.



Rabheka akasiya mhuri yake achienda kunoroorwa naIsaka. Akanyaradza Isaka uyo akanga afirwa naamai vake. Isaka aida Rabheka zvikuru.



Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi


Inowanikwa mu

Mavambo 22-24

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130





Magumo



5



60



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

